# ҚАРАҚАЛПАҚСТАН РЕСПУБЛИКАСЫ ХАЛЫҚ БИЛИМЛЕНДИРИЎ МИНИСТРИНИҢ БУЙРЫҒЫ

**2020-2021-оқыў жылының 3-шерегинен баслап улыўма орта билим бериў мектеплеринде оқыў процесин толық дәстүрий тәризде шөлкемлестириў ҳаққында**

2020-2021-оқыў жылының биринши ярым жыллығы даўамында ата-аналардың еркине қарап оқыў процеслери дәстүрий ҳәм аралықтан оқытыў формасында алып барылды. Бүгинги күнге келип, елимизде эпидемиологиялық жағдай турақласып, республиканың барлық мектеплери жумыслары жолға қойылып, II-шерек жуўмағында 90 пайыз оқыўшылар дәстүрий формада тәлим-тәрбия алмақта.

2021-жылдың 11-январь сәнесинен баслап (III-шерек) барлық мектеплерде оқыў процеслерин толық дәстүрий формаға өткериў мақсетиндеги Өзбекстан Республикасы Министрлер Кабинети ҳәм Халық билимлендириў министрлигиниң 2021-жыл 9-январьдағы 07-1-2472-санлы тапсырмасында белгиленген ўазыйпаларды басшылыққа алыў ҳәм орынланыўын тәмийинлеў мақсетинде **буйыраман:**

1. Өзбекстан Республикасы Министрлер Кабинети ҳәм Халық билимлендириў министрлигиниң 2021-жыл 9-январьдағы 07-1-2472-санлы тапсырмасы басшылыққа алынсын ҳәм орынланыўы тәмийинленсин.

**2. Барлық район(қала) лық халық билимлендириў бөлими баслықлары ҳәм Республикалық бойсыныўдағы билимлендириў мәкемелери директорларына:**

барлық улыўма орта билим бериў мектеплеринде қысқы мәўсимде ыссылық системасының турақлы ислеўин тәмийинлеў, оқыўшылардың саламатлығын қорғаў менен байланыслы шөлкемлестириў иләжларын көриў, санитария-гигиена ҳәм дезинфекция қураллары менен тәмийинлеў бойынша жергиликли ҳәкимликлер менен бирге ислесиўди жолға қойыў;

ата-аналар ортасында дәстүрий формада тәлим алыў оқыўшының билим ҳәм тәрбиясы ушын әҳмийетлиги бойынша түсиник жумысларын шөлкемлестириў;

оқыўшылардың сабақларға қатнасыўын(қатнас) турақлы қадағалаўға алыў иләжларын көриў;

педагоглардың ҳәр бир өткен сабағын сапалы етип алып барылыўын тәмийинлеў;

биринши ярым жыллықта ўақтынша өтилмеген 6 (дене тәрбиясы, музыка мәденияты, технология, сүўретлеў өнери, сызыў, шақырыққа шекемги басланғыш таярлық ҳәм тәрбия, *тийкар: Өзбекстан Республикасы Халық билимлендириў министрлигиниң 2020-жыл 15-сентябрьдеги 03-03/1-1930-санлы хаты)* пәнниң өтилмей қалған темаларының екинши ярым жыллықта толық өзлестирилиўи(тығызлап өтиў) иләжларын көриў;

шаңарағында кеселлик тарқалыўына қәўетер күшли болған, қартайған ата-аналары бар ҳәм де саламатлығында өтлескен кеселлиги бар болған оқыўшылардың тәлим алыўы ушын параллель тәризде «Онлайн-мектеп» жойбары да даўам ететуғынлығы бойынша түсиник жумысларын алып барыўды шөлкемлестириў;

усы күнге шекем онлайн тәризде тәлим алып келген оқыўшылардың ата-аналары арасында егер перзенти дәстүрий тәлимге қатнамай қалған жағдайда:

теңлеслери менен өз-ара қарым-қатнас жетиспей қалатуғынлығы;

перзентлериниң дослары менен турақлы байланыста болыўы ҳәм олар менен бирге болып тәлим алыўы жүдә әҳмийетли екенлиги;

ҳеш қандай заманагөй технология дәстүрий формадағы тәлим орталығын бала ушын тәмийинлеп бере алмайтуғынлығы бойынша үгит-нәсият жумысларының толық алып барылыўын шөлкемлестириў;

перзентлерин мектепке жибермейтуғын ата-аналардан, олардың ўақтын мазмунсыз өткермеўи ушын ҳәм де перзентлериниң үйде билим алыўы ушын барлық зәрүрли шәрт-шараятларды жаратып, оларды толық қадағалаўға алыўлары бойынша барлық билимлендириў мәкемелери басшылары тәрепинен ата-аналар менен бирге ислесиўди шөлкемлестириў ўазыйпалары тапсырылсын.

3. **Улыўма орта билим бериў мәкемелери жумысларын муўапықластырыў бөлими(М.Асеметдинов) ҳәм Республикалық оқыў-методикалық орайы(Қ.Жубанов) на:**

ата-аналар ортасында дәстүрий формада тәлим алыў оқыўшының билим ҳәм тәрбиясы ушын әҳмийетлиги бойынша түсиник жумысларының шөлкемлестирилиўин;

педагоглардың ҳәр бир өткен сабағын сапалы етип алып барылыўын тәмийинлеў иләжларының көрилиўин;

биринши ярым жыллықта ўақтынша өтилмеген 6 пәнниң екинши ярым жыллықта толық өзлестирилиў иләжларының көрилиўин;

шаңарағында кеселлик тарқалыўына қәўетер күшли болған, қартайған ата-аналары бар ҳәм де саламатлығында өтлескен кеселлиги бар болған оқыўшылардың тәлим алыўы ушын параллель тәризде «Онлайн-мектеп» жойбары да даўам ететуғынлығы бойынша түсиник жумысларының алып барылыўын муўапықластырып барыў;

«Онлайн-мектеп» жойбары тийкарында қарақалпақ тилинде телесабақлардың өз ўақтында сапалы таярланыўы ҳәм көрсетип барылыў иләжларын көриў ўазыйпалары тапсырылсын.

4. Усы буйрықтың орынланыўын қадағалаў министрдиң 1-орынбасары А.Худайбергеновқа жүкленсин.

**Министр** **Р.Реимов**

QARAQALPAQSTAN RESPUBLIKASI XALIQ BILIMLENDIRIW MINISTRLIGI * QORAQALPOG'ISTON RESPUBLIKASI XALQ TA'LIMI VAZIRLIGI * D KEN'SE HU'JJETLERI

Көширмеси дурыс

Қ. Бекбаулиев

Нөкис қаласы.
2021-жыл 11 -январь
13 - санлы